

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar hasil panalungtikan nu dipedar dina Bab IV, panalungtikan ngeunaan sistem pakasaban masarakat Kampung Naga kacindekanana nyaéta, ieu di handap:

- a. Kampung Naga nyaéta kampung adat anu sacara husus geus jadi padumukan warga Kampung Naga. Kampung anu kawilang teu pati gedé tapi éndah, sejuk, asri, sakurilingna téh ngalir Walungan Ciwulan. Anu leuwih matak ngirutna deui téh Kampung Naga ngabogaan khazanah budaya jeung kaayaan lingkungan anu teu jauh béda kahélokanana jeung kampung adat lianna, saperti Kampung Dukuh jeung Kampung Pulo anu perenahna di Garut, Kampung Kuta di Ciamis, Kampung Mahmud di Kabupaten Bandung, Kampung Urug di Bogor, jeung Baduy di Kanekes Banten.
- b. Sistem pakasaban di masarakat Kampung Naga ngan sakur jadi pangupa jiwa, lain dijadikeun ladang bisnis atawa investasi cara urang-urang dayeuh di jaman kiwari. Masarakat Kampung Naga mah popolahna téh ngan sakur nepi ka cukup bisa nedunan kabutuhan hirup. Teu sagala pakasaban dicabak supaya meunangkeun duit atawa kauntungan anu gedé. Sagala rupa pagawéanana téh teu ngan dileukeunan ku sorangan, tapi ku raketna duduluran di Kampung Naga ngajadikeun masrakatna silih bantuan antara nu hiji jeung nu lian. Sistem gotong royong masih kénéh sok dilakukeun ku masrakat kampung Naga boh dina ngagarap sawah, nyieun karajinan, atawa ngawangun imah. Pakasaban intina nyaéta tani. Pakasaban sajaba ti tani nyaéta mangrupa pakasaban tambahan séjén, sperti nyieun karajinan, dagang, ngukut ingon-ingon jeung jadi pamandu wisata di Kampung Naga.
- c. Ajén-inajén kana sistem pakasaban di masarakat Kampung Naga diwariskeun sacara turun tumurun ti kolot ka budak-budakna. Sagala palsapah hirup anu sipatna positif dijadikeun papagon hirup boh dina kaagamaan atawa pakasaban. Sakola formal teu méré pangaweruh kana prak-prakan popolah

sangkan bisa dijadikeun pakasaban, ku lantaran masarakat kampung Naga lolobana sakolana tamatan SD. Ku kituna peran kulawarga téh penting pisan méré pangarti pikeun budakna sangkan boga kaahlian anu bisa dijadikeun pakasabanan. Aya sawatara tahap dina prosés ngawariskeun ajén-ajén sistem pakasaban di antarana: (1) tahap ngabandungan, (2) tahap replika atawa nurutan, (3) tahap nyobaan (diajar), (4) mantuan, (5) macakal, bisa sorangan. Ieu hal geus jadi tradisi dina ngawariskeun élmu jeung prak-prakananana kana pakasaban anu bisa dilakukeun ku kolotna anu tuluy diturunkeun ka anakna.

- d. Ajén-ajén lokal anu aya di Kampung Naga Sacara gurat badag dibagi kana dua kelompok nyaéta ajén-ajén nurani (*values of being*) jeung ajén-ajén méré (*values of giving*). Ajén-ajén nurani nu aya dina diri manusa anu satulunya jadi paripolah atawa tingkah laku manusa sarta cara urang ngajénan ka batur. Nu kaasup kana ajén-ajén nurani téh nyaéta kajujuran, wawanén, cinta damai, potensi, disiplin, apal kana wates, kamurnian, jeung kasaluyuan. Ajén-ajén méré nyaéta ajén nu kudu dilakukeun, dipraktekkeun anu satulunya aya babalesna sakumaha anu geus dibikeun ti urang. Nu kaasup kana kelompok ajén-ajén méré téh nyaéta satia, bisa dipercaya, hormat, kadeudeuh, peka, teu égois, béréhan, adil jeung handap asor.
- e. Masarakat Kampung Naga miboga ajén peduli sosial, ngariksa jeung ngaraksa lingkungan, pola hirup bersih jeung sehat, religius, kréatif, ékonomis, ngabogaan karakter anu kuat, berakhhlak mulia, moralna hadé, rasa toléransi ka sasamana jeung gawé bareng anu sakabéhna diturunkeun ka turunannana ngaliwatan strategi modelling kalayan méré conto anu hadé ti generasi saacanna. Ieu hal mangrupa ajén-ajén inti jeung karakter anu dipiharep ku Kemendiknas, 2011 dina Pedoman Pendidikan Karakter. Salian ti éta, masarakat Kampung Naga miboga ajén kesederhanaan, taat, jeung raketna tali mimitran ka dulur saturunanana saperti anu sakumaha diébréhkeun dina wawancara.

## 5.2 Saran

- a. Cara hirup sauyunan babarengan saperti masarakat Kampung Naga kudu dijadikeun pieunteungeun jang urang salaku makhluk sosial di dunya. Supaya urang hirup didunya aman, damai jeung tingtrim, moal nepi ka aya kajadian silih serang kelompok anu hiji jeung kelompok anu lian, supaya urang bisa ngarasakeun kasusah kasenang hirup babarengan, loba pamuntangan ti sisi ti gigir, hirup teu ngajadikeun ayana kasenjangan sosial.
- b. Upaya masarakat Kampung Naga bisa miara kana alam, hirup bersih jeung sehat téh perlu dijadikeun conto model pikeun urang saréréa, utamana pikeun pamaréntah dina merhatikeun lingkungan, jeung cara ngajaga leuweung.
- c. Pola ngawariskeun ajén-ajén atikan anu hadé perlu dijadikeun modél ku para pendidik jeung pejabat, nyaéta strategi modeling anu méré conto suri tauladan anu bener tur hadé pikeun anak-anakna jeung masarakatna.
- d. Pamaréntah perlu méré perhatian anu husus pikeun masarakat Kampung Naga, utamana kana masalah pakasaban. Béré fasilitas anu cocog tur merenah pikeun kalumangsungan hirup jeung pakasabana anu dijadikeun sumber pangupa jiwa masarakat Kampung Naga.